



Pou Piblikasyon Imedya: 01/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL AK SANT SIKLÒN NASYONAL LA ANONSE YON SEMÈN
PREPARASYON KONT SIKLÒN NAN ETA NEW YORK**

Kanpay anyèl la fèt pou edike ak prepare Nouyòkè yo pou konsekans siklòn ak tanpèt twopikal yo

Nou ankouraje Nouyòkè yo pou yo enskri pou NY-Alert pou resevwa alèt ak notifikasyon metewolojik an tan reyèl anvan sezon siklòn lan

Gouvènè Kathy Hochul ak Sant Siklòn Nasyonal (National Hurricane Center, NHC) la te anonse jodi a Semèn Preparasyon kont Siklòn lan pral dewoule 30 avril jiska 6 me, epi nou ankouraje Nouyòkè yo pou yo revize plan preparasyon pou ijans pèsonèl pa yo anvan sezon siklòn Atlantik 2023 k ap vini an. Siklòn ak tanpèt twopikal yo se sistèm metewolojik destriktif ki ka lakòz lanmò ak domaj katastwofik, ki kapab kite kominote yo sou chòk enpak li yo plizyè semèn, mwa epi menm plizyè ane apre. Kanpay anyèl la, an patenarya ak [Sant Siklòn Nasyonal](#) la (NHC), fèt pou edike Nouyòkè yo sou menas tanpèt twopikal yo, kijan pou prepare yo epi rete an sekirite pandan yon siklòn ak kisa pou yo konsidere lè y ap netwaye apre yon tanpèt.

Sezon siklòn Atlantik la soti 1e jen jiska 30 novanm. Dapre Administrasyon Oseyanik ak Atmofesrik Nasyonal (National Oceanic and Atmospheric Administration, NOAA) ak NHC, te gen 14 siklòn yo te bay non an 2022 nan Atlantik la. Ak sezon siklòn Atlantik 2023 a ki kounye a sèlman nan yon mwa, Gouvènè Hochul te ankouraje Nouyòkè yo pou yo prepare davans.

"Konsantre nimewo en mwen, kit se yon siklòn destriktif, yon tanpèt ivènal devastatè, oswa lòt evènman ki gen rapò ak move tan, ap toujou kenbe Nouyòkè yo an sekirite", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan premye mwa mwen nan biwo a, lè siklòn Ida te devaste Eta New York, mwen te wè pèsonèlman efè devastatè siklòn yo ka genyen sou kominote nou yo. Administrasyon mwen an kontinye travay ak patnè li yo atravè tout nivo gouvènman an pou pi byen pwoteje Eta New York kont enpak tanpèt katastwofik tankou siklòn yo."

An 2022, Gouvènè Hochul te anonse yon Plan Aksyon pa Biwo pou Kay ak Kominote Rezistan Gouvènè a (Governor's Office of Resilient Homes and Communities) pou ranfòse rezistans kominote yo kont evènman tanpèt alavni yo. Plan yo pwopoze a

genyen ladan l 41.2 milyon dola finansman federal pou sipòte inisyativ k ap ede rezidan yo adapte ak efè chanjman klimatik la pandan l ap bay kominote ki defavorize istorikman yo priyorite. Pwogram yo ap ouvè pou konte ki pa nan Vil New York yo ak yon deklarasyon katastwòf prezidansyèl pou asistans endividyèl, ki enkli, Konte Dutchess, Nassau, Orange, Rockland, Suffolk, ak Westchester. Biwo Gouvènè a kontinye mentni yon [sit wèb](#) pou moun ki afekte pa Ida, ki gen ladan lyen ki mennen nan sekou ak resous pou efò netwayaj ak restorasyon yo.

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan, Jackie Bray, te deklare, "Nouyòkè yo nan kominote kotyè yo byen konnen enpak gwo lapli, van destriktif, ak inondasyon ki te koze pa tanpèt twopikal ak siklòn yo chak ete. Malerezman, nou deja kòmanse santi enpak sa yo nan lòt pati nan eta a, pafwa nan plizyè santèn kilomèt apati kòt la nan rejyon nò eta yo. Li enpòtan pou chak Nouyòkè pran tan semèn sa a ak pandan tout mwa a pou priyorize preparasyon kont siklòn: konnen risk ou genyen, rete enfòme, epi gen yon plan."

Direktè Sant Siklòn Nasyonal la, Michael Brennan, te deklare, "Mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo prepare pou sezon siklòn k ap vini an. Premye etap la se konnen risk ou genyen. Si w abite toupre kòt la, chèche konnen si w ap viv nan yon zòn evakyasyon kont vag tanpèt epi prepare plan evakyasyon w si yo mande w pou w kite kay ou anvan yon tanpèt. Inondasyon ki soti nan gwo lapli ka afekte ou menm si w ap viv nan pati enteryè tè a, nan plizyè santèn kilomèt ak kòt la. Jan nou te wè ak Ida an 2021 nan New York, inondasyon lapli se te danje ki pi mòtèl nan tanpèt twopikal ak siklòn yo nan 10 dènye ane yo."

Sekirite kont Siklòn

Tout Nouyòkè ta dwe konnen kijan pou yo swiv tanpèt twopikal yo epi resevwa alèt alèt ki fè yo konnen sa yo dwe fè pou yo rete an sekirite, enkli evakyasyon. Pi bon fason pou resevwa alèt metewolojik alè se lè w enskri nan [NY-Alert](#) yon sèvis gratis ki bay alèt sou move tan ak lòt alèt ki gen rapò ak ijans yo.

Pran mezi sa yo pou asire ou menm ak pwòch ou yo pwoteje:

- Devlope yon plan pou katastwòf nan kay la epi konnen kijan pou kontakte manm fanmi yo toutan. Idantifye yon zanmi oswa yon manm fanmi ki andeyò vil la ki dwe "kontak fanmi an nan ka ijans" epi asire w ke tout manm fanmi yo gen enfòmasyon kontak la.
- Deziyen yon pwen pou reyini an ijans - yon kote abityèl kote fanmi an ka rankontre si yo pa ka jwenn aksè ak rezidans lan.
- Konnen risk siklòn ak tanpèt ki genyen nan kominote w la.
- Si w abite toupre zòn kotyè yo, enfòme w sou istwa vag tanpèt zòn ou an ak siyal avètisman ak plan evakyasyon kominote w la, ki gen ladan wout ki an sekirite alentery tè yo ak koteabri ofisyèl yo ye.
- Konnen ki kote pou deplase bèt kay yo pandan yon tanpèt - pifòabri yo pa pral pèmèt bèt kay.

Metee founiti sa yo pare:

- Ase manje ki pap gate ak rezèv dlo pou 10 jou.
- Radyo ak flach ki fonksyone ak pil ak yon kantite pil.
- Yon bwat premye swen ak rezèv medikaman.
- Dokiman epòtan yo: Règleman asirans, dosye medikal, nimewo kont labank, kat Sekirite Sosyal, elatriye nan yon resipyan ki enpèmeyab.
- Lajan kach, chekye, kat kredi ak kat ATM.
- Yon lis kontak pou ijans moun ak òganizasyon ke yo ka bezwen rele: kontak lekòl, doktè, founisè, ak kontak asirans.

Pran mezi prevansyon sa yo:

- Achte api sere materyèl, tankou playwoud, ki nesèsè pou sekirize kay ou kòrèkteman
- Repare goutyè ak kolòn ki lach oubyen ki bouche yo.
- Sekirize oswa pote andedan mèb ki sou gazon ak lòt objè ki lach, ki lejè tankou poubèl ak zouti jadinya yo ki ka vin tounen pwojektil nan gwo van. Epitou koupe branch bwa ki mouri nan gwo oswa nan ti pye bwa yo.
- Revize règleman asirans pou detèmine limit kouvèti asirans lan anvan yon tanpèt frape.
- Detèmine ki kote pou deplase bato yo nan yon ijans.
- Ou dwe okouran de kondisyon metewolojik lokal yo lè w koute emisyon Sèvis Metewolojik Nasyonal la sou Radyo Meteyo NOAA ak rapò ki soti nan estasyon televizyon ak radyo lokal yo.
- Konnen kijan pou fèmen kouran, chalè ak dlo lakay ou.

Pou ou jwenn plis enfòmasyon, vizite paj Sekirite ak Prevansyon DHSES la nan <https://dhSES.ny.gov/safety>.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)